



Estimile kiryozite entelektyèl

Chè fanmi ak kòlèg,

Lendi, nan okazyon twazyèm kontrandi (State of Our Schools) anyèl sou lekòl nou yo, nou te fè bagay yo yon tijan diferan.

Dabò, nou te òganize yon [gwoup diskisyon sou podyòm lan](#), pou nou te ka tande elèv, estaf ak fanmi nou yo dirèkteman. Chèf kabinè Kenita Lloyd se te moderatè konvèsasyon an, ki te gen ladan sijè ki soti nan NYC Solves rive nan kapasite fanmi. Pandan mwen t ap koute refleksyon moun ki te nan gwoup la, mwen te santi m rekonesan anpil pou m te nan yon sal plen avèk Nouyòkè—elèv, fanmi, estaf, manm kominote ak lòt moun ankò—kote devouman yo motive nou chak jou nan travay nou.

Après, mwen te pataje [remak](#) mwen yo, ki te santre sou yon senp imaj: yon estimilan. Mwen te pale sou mwayen nou estimile kiryozite entelektyèl lakay elèv nou yo, lè nou konsantre sou severite akademik ak aprantisaj pwofon atravè NYC Reads, NYC Solves, ak Student Pathways. Mwen te pataje kòman NYCPS Cares, ki se inisyativ priorite ki pi resan nou, pote yon estimilan atravè pouvwa koneksyon ak swen.

Mwen te kontan anpil tou pou [fè plizyè anons](#), ladan yon pwojèt pilòt nan 80 lekòl pou sipòte Elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELL) avèk nouvo kourikoulòm NYC Reads yo; yon estrikti ki gen kat pati ki pral gide efò nou sou AI; ak ogmantasyon nan swen ki adapte pou twomatis nan 119 lekòl nan premye gwoup pilòt pwogram NYCPS Cares la.

Epi finalman, kòm yon lòt nouvote, nou te pibliye yon [Zouti responsablite pou lekòl leta Vil nouyòk \(NYC Public Schools Accountability Tool\)](#)—yon etap enpòtan nan asire transparans ak nan komunikasyon ki klè sou pwogrè nou. Mwen ankouraje w dekouvri zouti sa a epi al gade l regilyèman, kote nou pral mete done yo ajou pandan tout ane lekòl la.

Aktivite ki te fèt lendi a te san parèy ak enteresan. Mwen fyè anpil pou kote nou soti, men mwen apresye anpil gen anpil travay devan nou toujou. Jan mwen te di l nan fen diskou m lan, yon estimilan reprezante yon kòmansman—epi nan NYCPS, nou apèn kòmanse.

Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos
Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a:

Cindy Flores, ki te patisipe nan gwoup diskisyon State of Our Schools la, se yon pwofesè matematik klas 8yèm ane nan Institute for Environment Learning nan Bronx. Li te vin renmen matematik anpil depi li te yon elèv lekòl presegondè limenm nan PS 89—epi kounye a li sou 13yèm ane l kòm pwofesè! Pandan diskisyon an, Ms. Flores te pale sou enpak pozitif NYC Solves sou salklas li a, de nan elèv li yo, Avril ak Derek, te fè sa tou. Li te di de elèv li yo, se “matematisyen k ap boujonnen”. “Yo banm enèji pou m kontinye fè travay sa a.”

Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon espesyal Chanselye a [la a](#).

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Pou jwenn aksès nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Konnen davans [dat ak aktivite enpòtan pou mwa oktòb la](#) sou [The Morning Bell](#).
- Pou jwenn nouvèl ak resous anplis, suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).
- Men [videyo](#) Majistra Eric Adams pou semèn lan. Ou ka [anregistre pou resevwa mizajou](#) ki soti dirèkteman nan biwo Majistra a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).